

Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights - OCR) la pou fè respekte plizyè lwa federal sou dwa sivil ki entèdi diskriminasyon nan pwogram oswa aktivite ki resevwa asistans finansye federal nan men Depatman Edikasyon (Department of Education -ED). Lwa ane 1964 sou Dwa Sivil Tit VI entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, ak orijin nasyonal; Amandman Edikasyon ane 1972 Tit IX lan entèdi diskriminasyon ki baze sou sèks; Seksyon 504 Lwa sou Reyadaptasyon ane 1973 ak Lwa ane 1990 pou Ameriken ki gen Andikap Tit II an entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap (Tit II entèdi diskriminasyon antite piblik ki baze sou andikap, kit yo resevwa asistans finansye federal ou non); epi Lwa 1975 lan sou diskriminasyon laj entèdi diskriminasyon ki baze sou laj.

Lwa sou dwa sivil sa yo OCR fè respekte kouvri tout ajans leta pou edikasyon, sistèm lekòl elemantè ak segondè, kolèj ak inivèsite, lekòl pwofesyonèl, lekòl prive, ajans leta pou reyadaptasyon pwofesyonèl, bibliyotèk, ak mize ki resevwa asistans finansye nan men Depatman Edikasyon (ED). Pwogram oswa aktivite ki resevwa fon nan men ED dwe bay èd, benefis, oswa sèvis nan yon fason ki pa diskriminatwa. Èd, benefis oswa sèvis sa yo ka enkli, men se pa sa sèlman : admisyon, rekritman, èd finansye, pwogram akademik, tretman ak sèvis pou elèv, konsèy ak oryantasyon, disiplin, asiyasyon nan klas, nòt, edikasyon pwofesyonèl, rekreyasyon, edikasyon fizik, spò, lojman, ak travay.

Anplis de sa, depi 8 janvyè 2002, OCR ap fè respekte lwa Boy Scouts of America Equal Access, ki se yon pati nan lwa No Child Left Behind ane 2001 an. Nan lwa Boy Scouts of America Equal Access lan, ankenn lekòl elemantè piblik, lekòl segondè piblik, oswa ajans leta oswa lokal pou edikasyon ki bay yon opòtinite pou yon jèn oswa gwoup nan yon kominote pou itilize lekòl anvan oswa aprè lekòl la pa dwe refize aksè egal oswa yon opòtinite ekitab pou reyini oswa fè diskriminasyon kont nenpòt gwoup ki ofisyèlman afilye ak Boy Scouts of America oswa nenpòt lòt gwoup jèn ki site nan Tit 36 Kò Etazini an kòm yon sosyete patriyotik.

## KI SA POU FÈ

Nenpòt moun ki vle pote yon plent fòmèl bay OCR dwe soumèt pa ekri enfòmasyon sa a nan yon lèt oswa sou Fòm pou Pote Plent pou Diskriminasyon ki disponib nan biwo OCR yo (gade lis lan) :

- Non w ak adrès ou (yon nimewo telefòn kote yo ka kontakte w pandan lajounen itil, men li pa obligatwa) ;
- Yon deskripsyon jeneral moun (yo) oswa klas moun ki afekte pa pretandi aksyon diskriminatwa (yo) (non moun ki afekte (yo) pa obligatwa) ;
- Non ak kote enstitisyon ki te komèt pretandi aksyon diskriminatwa (yo) ye ; epi
- Yon deskripsyon pretandi aksyon diskriminatwa (yo) avèk ase detay ki pou pèmèt OCR konprann sa k te rive a, ki lè li te rive, ak baz pretandi diskriminasyon an (ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa Boy Scouts of America Equal Access Act).

## KI JAN POU POTE PLENT SOU ENTÈNÈT LA


OCR ankouraje elèv ak paran yo, reprezantan enstitisyon edikatif yo, ak lòt kliyan OCR pou yo sèvi ak imèl oswa ak faks pou kominike avèk OCR, nenpòt lè sa posib. Epitou, moun k ap pote plent yo ka pote plent bay OCR, **sou entènèt la**, nan sit entènèt sa a :

<http://www.ed.gov/ocr/complaintprocess.html>.

Pou moun ki pa gen yon kont imèl kounye a, aksè nan entènèt la ka disponib gratis nan bibliyotèk piblik lokal ou an, epi kont imèl gratis disponib nan men plizyè gran founisè kont imèl.

Yon respidan paka fè reprezay kont ankenn moun ki te pote yon plent, ki te bay temwayaj, ki te ede oswa patisipe nan ankenn manyè nan yon envestigasyon oswa pwosedi selon lwa ki site anwo a.

## KI JAN POU POTE YON PLENT POU DISKRIMINASYON NAN BIWO POU DWA SIVIL LA



Biwo pou Dwa Sivil  
Depatman Edikasyon Ozetazini  
400 Maryland Avenue, S.W.  
Washington, D.C. 20202-1100  
(202) 245-6800; 1-800-421-3481  
FAKS: (202) 245-6840 TDD: (877) 521-2172

Imèl : [OCR@ed.gov](mailto:OCR@ed.gov)

Entènèt : <http://www.ed.gov/ocr>

---

## KIYÈS KI KA POTE PLENT

Nenpòt moun ki kwè yon enstitisyon edikatif ki resevwa asistans finansye federal te fè diskriminasyon kont yon moun sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, oswa laj, oswa ki kwè yon lekòl piblik elemantè oswa segondè, oswa ajans edikasyon leta oswa lokal te vyole Boy Scouts of America Equal Access Act (Lwa pou Aksè Egal Boy Scouts) lan, ka pote yon plent. Moun nan oswa òganizasyon an k ap pote plent lan pa bezwen pou se li ki viktim pretandi diskriminasyon an, men li ka pote plent pou yon lòt moun oswa yon gwoup moun.

## LIMIT TAN

Ou dwe pote yon plent nan yon delè 180 jou apati dat pretandi diskriminasyon an, amwenske OCR pwolonje tan pou pote plent lan pou bon koz.

## PWOSEDI POU GRIYÈF ENSTITISYONÈL

Anvan w pote yon plent bay OCR kont yon enstitisyon, yon moun ki vle pote plent ka bezwen chèche konnen ki kalite pwosesis pou griyèf enstitisyon an genyen an plas epi sèvi ak pwosesis sa a pou ka rezoud plent lan. Yon moun k ap pote plent pa oblije selon lalwa itilize pwosesis griyèf enstitisyon an anvan l pote yon plent nan OCR. Si yon moun k ap pote plent itilize pwosesis griyèf yon enstitisyon epitou li chwazi pou l pote plent nan OCR, li dwe pote plent lan nan OCR nan yon delè 60 jou aprè dènye aksyon nan pwosesis griyèf enstitisyon an.

---

## KOTE POU EKRI

### **DIVIZYON ZÒN LÈS**

**Connecticut, Maine, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island, Vermont**  
Office for Civil Rights, Boston Office  
U.S. Department of Education  
33 Arch Street, Suite 900  
Boston, MA 02110  
Tel.: (617) 289-0111; Faks: (617) 289-0150

**New Jersey, New York, Puerto Rico, Virgin Islands**  
Office for Civil Rights, New York Office  
U.S. Department of Education  
32 Old Slip  
26<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10005  
Tel.: (646) 428-3900; Faks: (646) 428-3890

**Delaware, Maryland, Kentucky, Pennsylvania, West Virginia**  
Office for Civil Rights, Philadelphia Office  
U.S. Department of Education  
The Wanamaker Building  
100 Penn Square East, Suite 515  
Philadelphia, PA 19107  
Tel.: (215) 656-8541; Faks: (215) 656-8605

### **DIVIZYON ZÒN SID**

**Alabama, Florida, Georgia, Tennessee**  
Office for Civil Rights, Atlanta Office  
U.S. Department of Education  
61 Forsyth Street S.W., Suite 19T70  
Atlanta, GA 30303  
Tel.: (404) 562-6350; Faks: (404) 562-6455

**Arkansas, Louisiana, Mississippi, Texas**  
Office for Civil Rights, Dallas Office  
U.S. Department of Education  
1999 Bryan Street, Suite 1620  
Dallas, TX 75201  
Tel.: (214) 661-9600; Faks: (214) 661-9587

**North Carolina, Virginia, Washington, D.C., South Carolina**  
Office for Civil Rights, DC Office  
U.S. Department of Education  
P.O. Box 14620  
Washington, D.C. 20044  
Tel.: (202) 208-2545; Faks: (202) 208-7797

### **DIVIZYON ZÒN MIDWÈS**

**Illinois, Indiana, Minnesota, Wisconsin, Iowa, North Dakota**  
Office for Civil Rights, Chicago Office  
U.S. Department of Education  
111 North Canal Street, Suite 1053  
Chicago, IL 60606  
Tel.: (312) 886-8434; Faks: (312) 353-4888

**Michigan, Ohio**  
Office for Civil Rights, Cleveland Office  
U.S. Department of Education  
600 Superior Avenue East, Suite 750  
Cleveland, OH 44114  
Tel.: (216) 522-4970; Faks: (216) 522-2573

**Kansas, Missouri, Nebraska, South Dakota, Oklahoma**  
Office for Civil Rights, Kansas City Office  
U.S. Department of Education  
8930 Ward Parkway, Suite 2037  
Kansas City, MO 64114  
Tel.: (816) 268-0550; Faks: (816) 823-1404

### **DIVIZYON ZÒN LWÈS**

**Arizona, Colorado, New Mexico, Utah, Wyoming**  
Office for Civil Rights, Denver Office  
U.S. Department of Education  
1244 Speer Boulevard  
Federal Building, Suite 310  
Denver, CO 80204  
Tel.: (303) 844-5695; Faks: (303) 844-4303

**California**  
Office for Civil Rights, San Francisco Office  
U.S. Department of Education  
Old Federal Building  
50 United Nations Plaza, Room 239  
San Francisco, CA 94102  
Tel.: (415) 556-4275; Faks: (415) 437-7783

**Alaska, Hawaii, Idaho, Nevada, Oregon, Washington, Montana, American Samoa, Guam, ak Northern Mariana Islands**  
Office for Civil Rights, Seattle Office  
U.S. Department of Education  
915 Second Avenue, Room 3310  
Seattle, WA 98174  
Tel.: (206) 220-7900; Faks: (206) 220-7887

Revize Septanm 2005